

Fowom sitwayen pou refòm Lajistis Konferans pou laprès samdi 29 mas 2008

Bilan ak pèspektiv Fowòm sitwayen pou refòm Lajistis la

1. Ki objektif konferans laprès sila a ?

- Fowòm sitwayen pou refòm Lajistis kontan reyini laprès jou ki 29 mas 2008, nan okazyon 20yèm anivèsè Konstitisyon peyi a, ki mande :
 - pou Pouvwa jidisyè kapab endepandan vre,
 - pou yo respekte dwa sitwayen ak sitwayèn yo nan peyi a, gras ak yon sistèm jidisyè ki endepandan, ki jije kòrèk e ki kapab bati lapè anndan sosyete a.
- Depi kèk mwa, palman an te vote 3 lwa pou tanmen reyalize yon refòm jidisyè nan peyi a. Yo te pibliye lwa yo nan *Monitè* a, nan mwa desanm 2007. Tanzantan Fowòm nan vle fè yon bilan travay Leta ap fè a nan domèn refòm Lajistis.

2. Nesesite refòm nan toujou la

- Nesesite refòm Lajistis parèt aklè lè n gade vyolasyon dwa moun k ap kontinye ap fèt chak jou nan peyi a. Se vre, anpil fwa y ap di : se pa otorite yo k ap vyole dwa moun yon fason dirèk. Men, ti akalmi oswa bese nan degre vyolans ki genyen nan peyi a pèmèt nou wè jan vyolasyon dwa moun ap pran anpil fòm ki pa t klè menm jan nan tan pase yo.
- Si otorite yo ki anplas komèt mwens vyolasyon dwa moun yon fason dirèk, jodi a, nou wè pi byen vyolasyon dwa moun fè pati sistèm Leta ak Lajistis la menm. Gen lòt aktè ki parèt, ki yo menm tou mare ak mòd Leta ki genyen.
- Ann gade yon egzanp: Jis kounye a, yo poko rive mete sou pye kolektivite teritoryal yo. Neglijans sa a, se yon vyolasyon dwa moun li ye epi li sous anpil vyolasyon dwa moun ak egzaksyon, ki fè sitwayen ak sitwayèn yo viktim. Nan tout depatman yo, y ap atire atansyon n sou « sistèm atache yo » ki tounen ak fòs. Kolektivite yo bandonnen, yo pa jwenn ankadreman, pa gen lapolis kominal, Kasèk ak atache l yo tounen lapolis, yo jij, yo òganize detansyon, yo touche kòb nenpòt jan. Tout bagay an menm tan.
- Pi pre n genyen detansyon pwolonje a. Se yon gwo enjistis ak yon gwo vyolasyon dwa moun li ye, ki montre aklè sistèm jidisyè a pa fonksyone vre. Tout solisyon yo kreye e ki pa respekte prensip legal yo tounen nouvo espas kote koripsyon kapab donnen, e ki fè Lajistis vin sispèk. Pa gen refòm Lajistis si konfyans popilasyon nan Lajistis pa vin ranfòse.
- Sa mennen nou nan sa k dwe vrè objektif refòm jidisyè a. Lajistis dwe yon nan zouti Leta mete aladispozisyon sitwayen ak sitwayèn yo pou regle konfli ak mezantant ki kapab genyen anndan sosyete a ak zouti lalwa. Lajistis dwe yon chimen lapè, ansanm ak divès lòt mwayen ki genyen, pou rezoud konfli yo nan mitan sosyete a. Si Lajistis pa rive fè l, si jij yo fè move jijman, si yo lage koupab, si Lajistis yon espas koripsyon ak inefikasite, li tounen yon sous fristrasyon ak vyolans ak yon menas pou lapè nan peyi a.

3. Parapò ak refòm nan yo di ki tanmen fèt la :

- Sitwayen/yèn yo dwe konnen genyen yon refòm otorite yo tanmen mete sou pye. Sitwayen/yèn yo dwe byen konprann sa k anndan l. Demokrasi mande pou sosyete sivil la akonpaye sa otorite fè yon fason kritik. Konsa, tout moun kapab pi byen konprann sa k pase, epitou, tout moun kapab konnen limit refòm nan genyen tou. Sa pèmèt nou avanse e fè pwogrè.

- Ann gade yon egzant: Genyen yon lwa yo te vote pou mete sou pye yon Pouvwa jidisyè endepandan parapò ak Pouvwa egzekitif la gras ak yon Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè (CSPJ). Konsèy sa a genyen 9 manm ladan l. Pou jan sa ye kounye a, 7 nan manm sa yo sòti nan mitan majistra yo; se Egzekitif la ki te nonmen yo. 2 lòt yo ap sòti nan sosyete sivil la tankou: Bawo avoka yo ak lòt asosyasyon sosyete sivil la. Konsa, nou deja kapab konprann limit endepandans CSPJ a genyen.

4. Pou pi devan, men ki sa n anonse:

PARAPO AK REFOM NAN KI LA A

- Fowòm an ap esplike tout mezi ak etap otorite yo pran nan direksyon refòm Lajistis la. Jis kounye a, genyen majistra ki pa konnen si genyen nouvo lwa yo te vote. Enfòmasyon sa yo nesesè pou laprès ak pou sitwayen/yèn yo.
- Fowòm nan ap kontinye fè pwòp travay li pou fè diyagnòstik sistèm jidisyè a pou rive fè pwopozisyon ki sòti lakay sitwayen/yèn yo menm. Konsa, nou déjà anonse : ane sa a n ap travay sou tèms: « *Lajistis pa pwòch sitwayen/yèn yo. Yo pa kapab konprann li* ».
- Yon fason sistematik n ap obsève fason otorite yo aplike sa ki anndan nouvo lwa yo sòt vote yo. N ap gade ki rezilta lwa yo ap pwodui ki anfavè sitwayen/yèn yo ki nan peyi a. N ap gade enpak lwa sa yo genyen sou bon fonksyonman Lajistis nan peyi a.
- Konsa, n ap gade :
 - Eske jij yo ap vin pi endepandan e san patipri nan jijman yo, firanmezi yo mete lwa yo an pratik ?
 - Ki jan yo nonmen jij yo ? Ki patisipasyon (pa egzant) kolektivite lokal yo genyen lè y ap nonmen jij yo ?
 - Eske sitwayen/yèn genyen plis posiblite pou pote plent lè yon majistra vyole dwa yo ?

AFE PAK OSWA ANTANT SOSYETE SIVIL LA

Komite Kòdonatè Fowòm nan, anvan lontan, ap pibliye lis tout òganizasyon ki te siyen *Pak oswa Angajman sosyete sivil la pran pou refòm Lajistis*. Nou kontinye fè pwomosyon Pak la, ki bay divès prensip fondamantal pou refòm nan kapab byen fèt :

- nan respè pou diyite sitwayen/yèn yo ;
- ak plis patisipasyon tout moun tout kote atravè peyi a ;
- refòm Lajistis dwe ranfòse nouvo pratik anndan Leta a, paske refòm Lajistis se yon branch li ye nan refòm Leta a menm. Leta menm ak tout pratik li yo dwe chanje. Si pa gen refòm Leta, refòm Lajistis ap manke tou.

5. Sa n espere bò kote otorite yo :

Nou espere pou otorite yo tanzantan pibliye yon bilan sou aksyon yo mennen nan domèn refòm Jistis la.

Dènye Fowòm (nou te fè nan mwa desanm 2007) te mete aklè ki kalite lyen ki genyen ant refòm Lajistis ak lit kont koripsyon. Konsa, nou te pale sou ensekirite jidisyè ki fè sitwayen/yèn yo viktim.

Nou ta swete pou otorite yo rann kont sou rezilta yo jwenn nan batay nan lit kont koripsyon y ap mennen depi jou ki 18 me 2007 la. Konsa lyen ki genyen ant lit kont koripsyon ak refòm Lajistis ap vin pi klè toujou.

Mèsi
29 mas 2008
P. Jan Hanssens
Pou CCFC